**दिन– बुधवार** **दिनांक–04.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

मुजफ्फरपुर दुष्कर्म पीड़िताक मृत्युक बाद राज्य मे आरोप–प्रत्यारोप बढि गेल अछि। कांग्रेस आइ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेयक इस्तिफाक मांग के लऽकऽ हुनक आवासक घेराव कयलक। एहि बिच भाजपा सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल जनौलनि जे सरकार मामिलाक जाँच उच्चस्तरीय समिति सँ करबा रहल अछि। ई मामिला मे जे किओ दोषी पाओल जयताह हुनका सभ पर कार्रवाई कयल जायत। एहि बिच, विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे ओ पीड़ित परिवार के न्याय दिएबाक लेल अपन लड़ाई लड़ैत रहताह। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री यादव जनौलनि जे ई घटना स्वास्थ्य विभागक लापरवाहीक कारण भेल अछि। एम्हर, केन्द्रीय मंत्री आओर लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के चिट्ठी लिखिकऽ मामिलाक निष्पक्ष जाँच करेबाक आग्रह कयलनि अछि।

---

एम्हर, मुजफ्फरपुर मे एक नाबालिग सँ भेल दुष्कर्म मामिला मे तुर्कीक थानाध्यक्ष प्रमोद कुमार सहित तीन पुलिसकर्मी के निलंबित कऽ देल गेल अछि। एसएसपी सुशील कुमार जनौलनि जे पूलिस पूछताछक बाद आरोपी के छोरि देने छल। ओ जनौलनि जे आरोपी मुकेश रायक गिरफ्तारी लेल छापा मारल जा रहल अछि। न्यायालय, आरोपीक खिलाफ दू गैर जमानतीय वारंट जारी कयलक अछि।

---

प्रदेशक निबंधित कारखाना मे आब महिला कामगार सभ भोर पाँच बजे सँ राति दस बजे धरि काज कऽ सकतिह। राति दस बजे धरि काज करबाक लेल महिला सभक लिखित सहमति लेब अनिवार्य होयत। श्रम संसाधन विभाग एहि लेल अधिसूचना मे जनौलक अछि जे नियोजित महिला कामगार सभ के लोकहित मे ई छूट देल गेल अछि। हालांकि ई प्रावधान बाध्यकारी नहि होयत। जे महिला सभ राति दस बजे धरि काज करतिह हुनका सभ के

कारखाना आनब आओर लऽ जयबाक लेल कारखाना प्रबंधन के परिवहनक सुविधा देबय पड़त।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे विक्रम लॉक कैनाल बैंक आओर सौर ऊर्जा परियोजनाक उद्घाटन कयलनि। ई परियोजना सँ विक्रम आओर एकर लऽग–पासक लोक सभ के कम दाम पर हरित आओर स्वच्छ ऊर्जा भेटत। एम्हर, पटनाक बाढ़ मे आयोजित एक कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री राजकीय पॉलिटेकनिक, बाढ़क नव बनल भवन आओर अथमलगोला मे राजकीय अन्य पिछड़ा वर्ग कन्या आवासीय उच्च विद्यालयक नव बनल भवनक उद्घाटन कयलनि। संगहि, ओ अथमलगोलाक प्रखंड सह अंचल कार्यालय आओर आवासीय परिसर आ बाढ अनुमंडलीय अस्पताल मे नव निर्मित सय बेड वाला अस्पताल भवनक सेहो लोकार्पण कयलनि। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा आ केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह सेहो छलाह।

———————————————————————

आतंकवादक खिलाफ भारतक दृढ़ रूखक संदेश लऽकऽ विश्वक देश सभ मे गेल सात बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल मे सँ चारि प्रतिनिधिमंडल सफल यात्राक बाद भारत लौटि अयलाह। एहि बिच ई प्रतिनिधिमंडल सभ विदेशी नेता, वरिष्ठ अधिकारी, असरिवाला थिंक टैंक, मीडिया आओर प्रवासी भारतीय सभ सँ गपशप कयलनि। भाजपा सांसद रविशंकर प्रसादक अगुवाई मे संसदीय प्रतिनिधिमंडल बेल्जियमक ब्रुसेल्स मे युरोपीय संघक मुख्यालयक दौरा पर छथि। यूरोपीय संघ स्तर पर आओर बेल्जियम अधिकारी सभक संग गपशप, सीमा पार आतंकवाद आओर पहलगाम आतंकी हमला पर केन्द्रित अछि।

———————————————————————

भारत सहित दुनिया भरिक करीब दस लाख अस्सी हजार तीर्थ यात्री सभ आइ सँ शुरू भेल पाँच दिवसीय वार्षिक हज यात्रा लेल सउदी अरबक मीना जा रहल छथि। ओ सभ पवित्र शहर मक्का सँ अपन यात्रा शुरू कयलनि आओर मीना मे जमा भेलाह। ई सभ आइ राति मीना मे रहताह आओर काल्हि भोर हजक मुख्य रस्म अदा करबाक लेल अराफातक मैदान जयताह। एहि सँ पहिने अल्पसंख्यक मामिलाक मंत्रालय सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलक अछि जे मंत्रालय चाहैत अछि जे हरेक भारतीय हज यात्री लेल एक नीक आओर सम्मानजनक यात्रा होयबाक चाहि। हज सुविधा मोबाइल ऐपक संग, भारतीय तीर्थ यात्री सभ के सूचना आओर शिकायत रिपोटिंग सेवा देल जा रहल अछि।

————————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे पछिला चौबीस घंटाक बीच हल्लूक सँ मध्यम बरखा भेल अछि। किशनगंजक बहादुरगंज मे सभ सँ बेसी साठि दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ राज्यक पूर्वी क्षेत्रक संग–संग कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद, नवादा, गया, बक्सर, पटना आओर शेखपुरा सहित कतेको जिला मे तेज हवाक संग बरखा भऽ सकैत अछि। एहि बिच, ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

————————————————————————

खगड़िया जिलाक मोरकाही थानाक सुगरकोल घाट सँ पुलिस आओर डीआईयू टीम पचास हजार टाकाक इनामी अपराधी भरत यादव के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समस्तीपुर रेलमंडल मे बेटिकट यात्री सभक खिलाफ चलाओल गेल सघन जाँच अभियान मे चारि हजार सँ बेसि लोक सभ के बिना टिकट यात्रा करैत पकड़ल गेल। हिनका सभ सँ जुर्माना तैंतीस लाख चौवन हजार टाका वसूलल गेल।

————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बरौनीक एन.टी.पी.सी. परिसर मे बालिका सशक्तिकरण मिशन शुरू कयल गेल। ई कार्यक्रम परियोजना प्रमुख जयदीप घोष शुरू कयलनि।

————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।